

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) sumber data, (3) instrumén panalungtikan, (4) téknik ngumpulkeun data, (5) jeung téknik ngolah data.

3.1 Désain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif.

Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan panalungtikan anu téknikna maké cara mikir induktif, pikeun nguji hipotésis anu geus dirumuskeun jadi jawaban sementara tina masalah anu ditalungtik (Ali, 1985: 155).

Ari métode déskriptif mangrupa métode nu dipaké pikeun ngajawab hiji pasualan. Dilaksanakeun ngaliwatan léngkah ngumpulkeun, ngaklasifikasikeun, nganalisis atawa ngolah data, tuluy nyieun hiji kacindekan jeung laporan. Tujuan utama pikeun nyieun gambaran ngeunaan hiji kaayaan sacara objéktif dina wangun situasi déskriptif (Ali, 1985: 120).

Panalungtikan kudu dirarancang tur didésain. Désain panalungtikan mangrupa rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikan (Nasution, 2009: 23).

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kualitatif. Dumasar kana pamarekan jeung métode anu digunakeun, désain ieu panalungtikan nyoko kana sababaraha tahap nyaéta (1) tés nulis téks paguneman, (2) nangtukeun téks paguneman nu dijadikeun objék panalungtikan, (3) nyirian kalimah éksprésif, (4) nyalin kalimah panyeluk, (5) ngolah jeung ngadéskripsikeun data, (6) nyieun kacindekan. Saperti nu digambarkeun dina ieu bagan di handap:



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah ékspresif nu disusun tina adegan, struktur jeung ma'na pragmatis. Data kalimah ékspresif dicokot tina sumber data. Nurutkeun Arikunto (2010: 172), anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana meunangkeun éta data. Sumber data dibédakeun jadi tilu rupa nyaéta (1) sumber data nu mangrupa jalma, (2) sumber data nu mangrupa tempat jeung (3) sumber data nu mangrupa simbol.

Sumber data nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan kaasup sumber data nu mangrupa simbol, nyaéta téks paguneman. Ieu téks paguneman dijieun ku siswa kelas VII SMPN 12 Bandung taun ajaran 2017/2018. Jumlah kelas VII aya 9 kelas.

Tina 9 kelas nu dijadikeun populasi nyaéta kelas VII-A nepi ka VII-J, ditangtukeun kelas VII-C minangka sampel. Jumlah siswa anu dijadikeun sumber data aya 33, lalaki 16 jeung awéwé 17, nu dibagi jadi 6 kelompok. Unggal kelompok nyieun téks paguneman anu miboga latar tempat anu béda, nyaéta (1) di kantin, (2) di mushola, (3) di angkot (4) di lapangan, (5) di imah babaturan jeung (6) di hareupeun kelas. Sakabéh paguneman siswa dijadikeun sumber data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung meunangkeun hasil nu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto dina Ulfah, 2015: 27).

Ieu panalungtikan ngagunakeun lembar tést jeung kartu data salaku alat atawa instrumén panalungtikan.

3.3.1 Lembar Tés

Lembar tést mangrupa salasihiji alat atawa instrumén panalungtikan pikeun meunangkeun data anu diperlukeun. Lembar tést dipaké pikeun média nulis téks paguneman. Lembar tést éta sorangan mangrupa kertas folio bergaris.

3.3.2 Kartu Data

Sedengkeun eusi dina kartu data nyaéta cutatan data kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung. Kartu data dipaké sangkan data leuwih gampang diolah, leuwih lengkep, leuwih gemet, taliti jeung leuwih sistematis. Dina kartu data disalin data-data kalimah éksprésif tuluy dianalisis dumasar kana adegan, struktur, ma'na pragmatis. Dina data kalimah éksprésif maké kode anu nuduhkeun (1) kelompok paguneman, (2) singgetan ngaran siswa, (3) runtuyan kalimah.

<p>KARTU DATA</p> <p>(P01/Aly/008)</p> <p>Upami abi anu ngahias we.</p> <p>Adegan : Kalimah Sampurna J + C</p> <p>Ma'na Pragmatis : Kalimah éksprésif Tumamprak</p>

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

3.4.1 Téknik Tés

Téknik tés umumna ngukur kamampuh siswa sanggeus narima prosés diajar. Kagiatan tés mangrupa kagiatan pikeun ngukur kamampuh siswa salila diajar sacara individual dina cakupan jeung élmu pangaweruh nu geus ditangtukeun ku para pendidik (guru) (Sukardi, 2003: 139).

Téknik tés nulis téks paguneman , siswa dipaparin nyieun hiji téks paguneman nu geus ditangtukeun latar tempat pagunemanana ku panalungtik.

3.4.2 Téknik Dokuméntasi

Téknik anu kalintang penting tina téknik-téknik nu séjénna nyaéta téknik dokumentasi, néangan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, lengger, agenda, jsb (Arikunto, 2010: 274).

Nu matak dina unggal panalungtikan, dokumentasi sacara tinulis kalintang pentingna. Dokuméntasi sacara tinulis dimimitian ku catétan, hasil ngumpulkeun data jeung hasil tina nganalisis sementara. Dokuméntasi anu penting ogé nyaéta laporan tina hasil panalungtikan jeung publikasi (Sarosa, 2012: 37-38).

Téknik dokuméntasi, dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data mangrupa téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaéta:

- a. nangtukeun sumber data nu mangrupa siswa kelas VII-C SMPN 12 Bandung;
- b. ngabagi siswa kelas VII-C jadi 6 kelompok;
- c. unggal kelompok dibagi lembar tést;
- d. unggal kelompok dipaparin nyieun hiji téks paguneman dina lembar tést (lembar tést); jeung
- e. unggal siswa dipaparin nyieun kalimah minimal 5 kalimah dina téks paguneman.
- f. nyirian kalimah éksprésif nyaéta ngawengku struktur jeung ma'na kalimah éksprésif anu aya dina téks paguneman siswa;
- g. nyalin kalimah éksprésif anu aya dina téks paguneman siswa nu geus dicirian kana kartu data; jeung
- h. ngadaftarkeun kalimah éksprésif tina kartu data.

3.5 Téknik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, data tuluy diolah pikeun meunangkeun jawaban tina masalah anu ditalungtik. Data anu geus dikumpulkeun diolah ngagunakeun métode distribusional kalawan téknik analisis unsur langsung.

Téknik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis, udaganana pikeun ngolah data anu patali jeung déskripsi struktur, wujud pragmatis, maksud jeung fungsi kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa.

Téknik ngolah jeung nganalisis dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha tahapan nu ditétélakeun di handap.

- a. mariksa deui sakabéh data anu geus dikumpulkeun;
- b. maca data jeung nyirian kalimah éksprésif;

- c. nyieun papasingan kalimah ékspresif dumasar kana struktur jeung ma'na kalimah;
- d. nganalisis kalimah ékspresif dumasar kana struktur jeung ma'na kalimah;
- e. ngadéskripsikeun kalimah ékspresif dumasar kana struktur jeung ma'na dina kalimah basa Sunda;
- f. napsirkeun perkara struktur jeung ma'na kalimah ékspresif; jeung
- g. nyieun kacindekan.